

# Sa pwopriyetè biznis yo dwe konnen sou konpansasyon travayè

Asirans konpansasyon travayè pwoteje patwon yo ak anplwaye yo kont pèt lajan sizoka anplwaye a pran chòk. Patwon yo dwe toujou gen asirans konpansasyon travayè pou anplwaye yo. Pou rezon konpansasyon travayè, anplwaye a kapab vle di anplwaye, volontè, moun ki travay atan-pasyèl ak manm fanmi yo ki travay lajounen, yo lwe ak prete, ak soutretan yo. Ale sou sitwèb [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov) pou telechaje *Manyèl Patwon yo*, yon resous konpansasyon travayè ki konplè moun k ap fè biznis yo.

## Kimoun ki bezwen asirans?

1. Travayè nan tout biznis ki pa komèsyal.
2. Travayè nan kay, bebisitè, konpayon ak bòn k ap viv nan kay ki travay pandan 40 èdtan pa semèn nan yon kay.
3. Travayè agrikòl ki gen patwon yo ki touche \$1,200 oswa plis pou travay agrikòl pou ane sivil anvan an.
4. Pifò travayè touche konpansasyon yon òganizasyon ki pa komèsyal.
5. Nenpòt lòt travayè Komisyon Konpansasyon Travayè detèmine ki se yon anplwaye.

## Kimoun ki pa bezwen asirans?

Pwopriyetè biznis ki se antrepriz endividyèl, moun ki nan patenarya, ak konpayi ki gen youn/de (2) moun kote pwopriyetè yo posede tout aksyon (yon aksyon oswa plis pou yo chak) epi ki gen tout fonksyon konpayi an pa bezwen pwoteksyon asirans pou tèt yo si yo pa gen okenn anplwaye.

Pwopriyetè biznis yo kapab toujou fè yon kontra. Pou jwenn enfòmasyon ki pi konplè, tankou kondisyon pou pwopriyetè biznis k ap sèvi kòm soutretan, gade *Manyèl Patwon yo*, ki sou sitwèb [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

## Antreprenè endepandan

Travayè ki anba kontwòl dirèk ou ka konsidere kòm anplwaye pou rezon konpansasyon travayè, kèlkeswa kondisyon taks yo. Kondisyon taks yon travayè pa detèmine si asirans konpansasyon travayè a obligatwa: ou ka bezwen asirans menm pou anplwaye 1099 yo.

## Fason pou jwenn asirans

**Asirans Prive.** Anpil santèn konpayi asirans prive gen otorizasyon pou ekri kontra asirans konpansasyon travayè nan New York.

**Konpayi Asirans Piblik.** Fon Asirans Eta New York (New York State Insurance Fund). Ale sou sitwèb [nysif.com](http://nysif.com).

**Oto-Asirans Endividyèl.** Gwo patwon yo kapab mete rezèv anplas pou pwòp asirans yo, nan yon pwosesis ki fòmèl ak kontwole. Rele Komisyon an nan nimewo (518) 402-0247.

## Pou kisa pou mwen respekte lalwa?

- Gen yon sanksyon jiska \$2,000 dola pou peye chak 10 jou san asirans, gen sanksyon pou lè ou bay manti sou pewòl ak sou kantite anplwaye, epitou gen sanksyon poutèt ou pa konsève dosye.
- Si ou pa gen asirans konpansasyon travayè pou plis pase senk (5) anplwaye ou fè yon krim. Si ou pa gen asirans konpansasyon travayè pou mwens pase senk (5) anplwaye ou fè yon deli.
- Komisyon an ap pouswiv patwon ki vyole lwa a san rete avèk lòd pou sispansyon travay.
- Moun ak biznis ki anba sanksyon yo gen entèdiksyon pou jwenn kontra travay piblik pou yon ane.
- Pwopriyetè biznis yo dwe peye salè anplwaye yo pèdi ak swen medikal avèk lajan pèsonel yo pou travayè ki pa gen asirans yo.
- Anjeneral, anplwaye yo pa kapab ale nan lajistis pou yon chòk oswa yon maladi yo pran nan travay yo lè patwon an gen asirans.
- Konpayi asirans yo ap voye avi ba Komisyon an lè yo ekri, modifye oswa anile kontra asirans yo. Si pwoteksyon asirans lan anile san yon kontra ranplasan, Komisyon an ap kontakte pwopriyetè biznis lan. Kondisyon asirans patwon an se enfòmasyon piblik, ki disponib sou sitwèb Komisyon an, [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

## Responsablite Patwon an Lè Anplwaye yo Pran Yon Chòk/Maladi

- Fè konpayi asirans konpansasyon travayè ou konnen nenpòt chòk/maladi anplwaye a pran nan travay la san pèdi tan. Patwon yo ka chwazi pou fè Komisyon an konnen sa tou depi yo ranpli fòm Rapò Patwon sou Chòk/Maladi Anplwaye Pran nan Travay (fòm C-2F). Men, li pa obligatwa si administratè reklamasyon ou oswa konpayi asirans ou depoze yon Premye Rapò sou Chòk alè sou non ou.
- Fè konpayi asirans ou konnen si chòk/maladi a te lakòz oswa pral lakòz yon pèt tan nan travay la, ap egzijte tretman medikal anplis premye sekou òdinè a, oswa plis pase de 92) aplikasyon premye sekou.

**Si patwon an pa depoze yon Premye Rapò sou Chòk nan 10 jou apre sa rive, sa ka lakòz li tonbe anba yon sanksyon \$2,500 dola.**

**Li ilegal pou yon patwon pratike diskriminasyon kont yon anplwaye ki fè yon dosye konpansasyon travayè oswa ki bay temwayaj nan youn.**